# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

उपभोक्ता कार विभाग पैकिट वाले समानन में समानता बनावे रक्खे बदे लीगल मेट्रोलॉजी (पैकेज्ड कमोडिजीट) नियम, दुई हजार इग्यारह में बदलाव प्रस्ताव कइले हौ। बदलाव के मोताबिक ऑफलाइन और ऑनलाइन दुनों प्लेटफारम पर फुटकर बिकरी बदे प्री पैकेज्ड समानन क सज्जो जनकारी घोसित कइले के अनिवार्य करे क परस्ताव बाटे।

उपभोक्ता कार्य मंत्रालय कहले हवे कि बदलाव से पैकेटबंद समानन बदे बरोबर क मानक बनावल रखला में मदद मिली, जेहसे अलगि अलगि ब्रांड आ उत्पाद में स्थिरिता आ निष्पक्षता के बढ़ावा मिली। मंत्रालय कहले हवे कि नया नियम औद्योगिक उपभोक्ता आ संस्थागत उपभोक्ता वाले पैकिटबंद समानन पर लागू नाही होइहैं।

**********

भारतीय जनता पारटी के प्रदेस कार्यसमिति क बैइठकी आजु प्रदेस के राजधानी लखनऊ में पूरा भइल । भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री जगत प्रकाश नड्डा बइठकी में सामिल भइलें।

बइठकी में बोलत राष्ट्रीय अध्यक्ष श्री नड्डा कहलें कि भारतीय जनता पारटी आजु क पारटी आ भविष्य क पारटी हौ। ई भविष्य हमनी के हाथे में हौ। ऐके सम्हारि के राखल हमनी क जिम्मेवारी हौ। बरिस दुई हजार चौबीस के लोकसभा चुनावे में प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के सरकार बनवले में देस के जनता की ओरि से मिलल जनादेस आ अउरियो राजनीतिक दलन के परभाव का जिकिर करत उहां के कहलीं कि अकेल्लै भारतीय जनता पार्टी पैन इंडिया पार्टी हौ । हमनी सब एक सौ चालीस करोड़ लोगिन क अगुआई करे वाला जिम्मेवार कार्यकर्ता हईं।

बइठकी के सम्बोधित करते मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि बरिस दुई हजार चउदह, दुई हजार सतरह आ दुई हजार बाइस में भारतीय जनता पारटी क जवन ओट प्रतिशत रहे, उहे बरिस दुई हजार चौबीस के लोकसभा चुनावे में भी रहल हौ। उहां के कोविड के कठिन दौर में भाजपा कार्यकर्ता के सेवा भाव आ समरपण क जिकिर कइलीं और पुरहर मनोबल के साथे ऐके जारी रखले का अरजि कइलीं।

बइठकी में राष्ट्रीय महामंत्री अरूण सिंह, विनोद तावडे, प्रदेश अध्यक्ष भूपेंद्र सिंह चौधरी, उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आ बृजेश पाठक के लेके संगठन क कई गो सीनियर पदाधिकारी और जनप्रतिनिधियो हिस्सा लिहलें।

**********

बारिस आ बंधा से पानी छोड़ले के नाते प्रदेस क सोलह जिलन में बाढ़ि क मद्धम से लेकर भारी परभाव कायम बा। येहमें लखीमपुर खीरी, बलरामपुर, कुशीनगर, शाहजहांपुर, बलिया, बस्ती, सिद्धार्थनगर, बाराबंकी, सीतापुर, बरेली, गोरखपुर, आजमगढ़, हरदोई, अयोध्या, गोंडा आ बहराइच जिला सामिल हवें। हमरे बलरामपुर प्रतिनिधि बतवले हवें कि ओहवां बाढ़ि के हालति में तनिक सुधार भइल बा आ राप्ती नदी क जलस्तरो खतरा के निसान से निच्चे आ गइल बाटे। शाहजहांपुर जिला में बाढ़ि क पानी घटले पर लोगि अपने घरन के लौटल सुरू कइ दिहले हवें। फर्रुखाबाद जिला में आजु भिन्नही नरौरा बांध से पैंतीस हजार क्यूसेक, बिजनौर बैराज से अट्ठाइस हजार क्यूसेक और हरिद्वार बांध से पच्चीस हजार क्यूसेक पानी छोड़ल गइल। येहसे गंगा नदी क जलस्तर एक सौ पैंतीस दशमलव तीन पांच मीटर आ रामगंगा नदी क जलस्तर एक सौ सैंतीस दसमलव सुन्न पांच मीटर पहुंचि गइल बा । उन्नाव जिला में गंगा नदी क पानी चेतावनी के चिन्हा एक सौ बारह मीटर से खाली बावन सेंटीमीटर दूर रहि गइल बा। पीलीभीत जिला में बाढ़ क पानी घटले के सथहीं बीमारियन क खतरा बढ़ि गइल हौ। येहके देखल ओहां पूरनपुर तहसील के चंदिया हजारा गांव में स्वास्थ्य सिविर क आयोजन कइल गइल। संतकबीरनगर जिला में घाघरा, राप्ती आ कुआनो नदी के जलस्तर में लगतारे बढ़ोत्तरी हो रहलि हौ।

**********

झारखंड क मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन आजु परिवार के साथे विन्ध्यांचल धाम पहुंच के माता विन्ध्यवासिनी क दर्सन पूजन कइलैं। संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि माता के दरसन से उहां के बल मिलेला। विधानसभा उपचुनाव के हाल के रेजल्ट पर टिप्पणी करते उहां के कहलीं कि देस के जनता के जवन चीज समझ में आवेला ओही के मोताबिक रिजल्ट भी मिलेला। उहां के कहलीं कि जनता क आसीरवाद बडवर ताकति हौ।

**********

कार्डधारक कासीवासी लोगिन के कासी विस्वनाथ मंदिर में कासीद्वार से परवेस मिली। नेमी दरसनार्थी जहवां से परवेस करत रहलें, ओहीं से परवेस कइके दरसन करिहें। ई जनकारी मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्वभूषण मिश्र दिहलें। उहां के बतवलीं कि कासी के लोगिन बदे बनावल गइल कासीद्वार का ट्रायल सफल रहल। उहां के फरिया के कहलीं कि फिलहालु कासीद्वार सज्जो कासीवासियन बदे नाही सुरू कइल गइल हौ। उहां के येह बात पर जोर दिहलीं कि पहिले से जवन सुविधा चली आ रहल हवें, ओह सज्जो सुविधन के बन्न नाही कइल गइल हौ।

**********